



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PRAL EGZIJE MOUN KI AP VWAYAJE NEW YORK SOTI NAN KAT ETA ANPLIS METE YO AN KARANTÈN PANDAN 14 JOU

Minnesota, New Mexico, Ohio ak Wisconsin satisfè kritè pou kalifye pou avètisman vwayaj la

1,5 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif

5 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

Konfime 912 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 403,175; gen nouvo ka nan 51 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke kat Eta anplis satisfè kritè pou kalifye pou avètisman vwayaj ki egzije moun ki te vwayaje vini New York soti nan Eta sa yo, ki genyen yo tout pwopagasyon kominotè siyifikatif, pou mete yo an karantèn pandan 14 jou. Eta yo fèk ajoute yo se Minnesota, New Mexico, Ohio ak Wisconsin. Yo te retire Delaware. Karantèn lan aplike pou nenpòt ki moun ki rive soti nan yon eta ki gen yon pousantaj tès pozitif pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan sou yon mwayèn mobil 7 jou oswa yon eta ki gen yon pousantaj 10% oswa pi wo pozitivite sou yon mwayèn mobil 7 jou. Yè, Gouvènè Cuomo [te anonse yon operasyon pou aplike lalwa pou vwayaj](#) pral kòmanse jodi a nan ayewopò nan tout eta a pou ede asire vwayajè yo swiv restriksyon karantèn Eta a ak pou ede kontwole pousantaj transmisyon COVID-19 nan Eta New York.

Kantite nouvo ka yo, pousantaj tès ki te pozitif ak anpil lòt pwèn enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj forward.ny.gov.

"Nouyòkè yo te montre kouraj ak rezilyans enkwayab atravè pandemi sa a, epi okenn kote travay yo a pa pi evidan pase nan chif yo nou kominike chak jou yo, gen ladan Vil New York, otrefwa yon destinasyon mondyal", **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Sepandan, siksè efò nou yo depann de volonte sitwayen yo pou respekte direktiv Eta a, pratike distans sosyal, pote mask ak lave men yo, epi ka yo ki ap ogmante nan tout peyi a kontinye menase pwogrè nou an, se pou sa nou te ajoute kat nouvo Eta nan avètisman vwayaj New York la."

"Li klè tou baze sou trasaj kontak ke anpil nan nouvo ka yo nan New York se yon rezilta mank respè mezi yo pandan wikenn 4 jiyè epi yo ilistre fason viris la pwopaje rapidman,

avèk yon fèt, pa egzanzp, nan enfekte plis pase yon tyè nan patisipan yo", **Gouvènè Cuomo te kontinye.** "Mwen kapab pi klè: Gade sa ki ap pase nan rès peyi a — si nou pa entèlijan, si nou pa pote mask ak pratike distans sosyal, ka yo pral ogmante. Pèsòn pa vle retounen nan lanfè nou te eksperimante twa mwa pase a, kidonk tanpri rete vijilan".

Efò trasaj kontak Eta a ak lokal yo te jwenn 35 pousan moun ki te patisipe nan yon fèt wikenn Kat Jiyè a nan Konte Suffolk - oswa plis pase 1/3 nan tout fèt la - te vini enfekte avèk COVID-19, sa ki demontre fason viris la kapab pwopaje rapidman.

Lis konplè, mizajou sou avètisman vwayaj la anba la a:

- Alabama
- Arkansas
- Arizona
- California
- Florida
- Georgia
- Iowa
- Idaho
- Kansas
- Louisiana
- Minnesota
- Mississippi
- North Carolina
- New Mexico
- Nevada
- Ohio
- Oklahoma
- South Carolina
- Tennessee
- Texas
- Utah
- Wisconsin

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 820 (+28)**
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital - 71 (+11)**
- **Lopital Konte yo - 31**
- **Kantite ICU - 167 (-8)**
- **Kantite ICU nan entibasyon - 101 (-2)**
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 71,692 (+49)**
- **Kantite Lanmò - 5**
- **Kantite Lanmò Total - 24,994**

Sou 60,045 tèz yo te reyalize nan Eta New York yè, 912, oswa 1,5 pousan, te pozitif. Pousantaj tèz pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

REJYON	SAMDI	DIMANCH	LENDI
Capital Region	2.0%	0.9%	1.7%
Central New York	1.1%	1.0%	1.3%
Finger Lakes	0.8%	1.0%	1.4%
Long Island	0.9%	1.5%	2.0%
Mid-Hudson	0.9%	0.8%	1.6%
Mohawk Valley	0.8%	0.8%	1.6%
New York City	1.3%	1.1%	1.4%
North Country	0.4%	0.2%	0.5%
Southern Tier	0.6%	0.9%	0.8%
Western New York	1.0%	1.1%	2.0%

Gouvènè a te konfime tou 912 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 403,175 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 403,175 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,247	22
Allegany	68	2
Broome	841	14
Cattaraugus	139	1
Cayuga	127	1
Chautauqua	180	9
Chemung	149	1
Chenango	171	2
Clinton	110	1
Columbia	489	2
Cortland	59	0
Delaware	92	0
Dutchess	4,318	38
Èrie	7,833	67
Essex	51	0
Franklin	36	0
Fulton	266	1
Genesee	252	2
Greene	267	1

Hamilton	6	0
Herkimer	195	2
Jefferson	100	1
Lewis	32	1
Livingston	151	4
Madison	376	1
Monroe	4,247	47
Montgomery	141	8
Nassau	42,423	69
Niagara	1,351	9
NYC	219,616	315
Oneida	1,847	17
Onondaga	3,179	37
Ontario	307	5
Orange	10,850	9
Orleans	288	1
Oswego	225	3
Otsego	90	1
Putnam	1,376	11
Rensselaer	625	8
Rockland	13,733	14
Saratoga	616	6
Schenectady	883	15
Schoharie	62	0
Schuyler	15	0
Seneca	74	0
St. Lawrence	233	2
Steuben	278	2
Suffolk	42,214	102
Sullivan	1,466	1
Tioga	161	0
Tompkins	186	0
Ulster	1,872	10
Warren	280	0
Washington	250	1
Wayne	214	5
Westchester	35,366	39
Wyoming	103	1
Yates	49	1

Yè, te gen 5 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 24,994. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Broome	2
Erie	1
Queens	1
St. Lawrence	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)